

## **Enstriksyon pou fòm Ranpli Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Medikal selon HIPAA (OCA-960)**

Enstriksyon sa yo pral ede w ranpli Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Medikal selon HIPAA (OCA-960). **Li enpòtan pou w li chak liy nan fòm nan ak anpil atansyon epi asire w ou ranpli chak bwat kòrèkteman.** Si w pa ranpli fòm nan kòm sadwa, HRA kapab pa aksepte demann ou a.

### **1. SI OU SE YON BENEFISYÈ MEDICAID, SWIV ENSTRIKSYON SA YO pou otorize HRA bay yon lòt moun oswa òganizasyon dosye Medicaid ou. Ou oblije reponn tout kesyon sòf lè yo make ou pa bezwen reponn.**

- Anwo Nèt - Antre enfòmasyon ou kote yo mande pou ou make nan bwat yo Non Pasyan, Dat Nesans, Nimewo Sekirite Sosyal ak Adrès Pasyan an.
- Liy 1-6 - Li epi konprann sa w li a.
- Liy 7 - Non ak pwofesyonèl swen sante oswa òganizasyon pou bay enfòmasyon sa a: Ekri an lèt detache oswa tape; NYC HRA, 250 Church Street, 6th Floor, New York, NY 10013.
- Liy 8 - Non ak adrès moun oswa kategori moun yo pral voye enfòmasyon sa yo: Ekri non ak adrès moun oswa gwoup (pa egzanp: kabinè avoka) ou vle resevwa enfòmasyon ou. Sa a se kote nou pral voye dosye ou mande yo.
- Liy 9(a) - Enfòmasyon espesifik pou pataje: Di nou ki kalite enfòmasyon ou vle otorize nou bay.

#### **Premye Bwat la**

- Si ou vle pèmèt nou bay yon pati nan Dosye Medicaid ou, tcheke premye ti bwat la (Dosye Medikal depi) ak antre dat kòmansman ak fen peryòd ou vle yo bay enfòmasyon yo;

#### **Dezyèm Bwat la**

- Si ou vle pèmèt nou bay tout dosye Medicaid ou nèt, tcheke dezyèm ti bwat la (Tout Dosye Medikal); ak

#### **Lòt Bwat**

- Si ou vle pèmèt nou bay enfòmasyon ki pa koresponn ak enfòmasyon ki nan ti bwat 1 oswa 2, tcheke bwat la ki make "Lòt" la. Ekri an lèt detache oswa tape yon deskripsyon klè enfòmasyon ou vle nou bay.

**ENPÒTAN:** Si ou vle HRA bay enfòmasyon sou Tretman pou Alkòl oswa Dwòg, Enfòmasyon sante Mantal, oswa enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH ki kapab nan dosye ou, mete inisyal ou akote chak kalite enfòmasyon ki nan Kesyon 9(a) ou vle nou pataje. Si ou pa vle nou bay kalite enfòmasyon sa yo, pa make anyen.

- Liy 9(b) - Otorizasyon pou Diskite Enfòmasyon Medikal (si ou vle):
  - Si ou vle pèmèt HRA diskite enfòmasyon medikal ou avèk yon lòt moun, tcheke ti bwat ki akote (b) a epi mete inisyal ou sou premye liy lan.
  - Ekri an lèt detache oswa tape "NYC HRA" sou liy la ki di "Non pwofesyonèl swen sante endividyèl la".
  - Ekri an lèt detache oswa tape non moun, avoka, kabinè avoka, ajans oswa yon gwoup nou ka pale ak li sou enfòmasyon ou yo.
- Liy 10 - Rezon pou nou bay enfòmasyon yo: Di nou poukisa ou vle HRA bay enfòmasyon ou bay yon lòt moun. Kòmbyon benefisyè Medicaid, ou jis bezwen tcheke premye ti bwat kesyon 10 la. Si ou vle HRA bay enfòmasyon ou pou nenpòt lòt rezon, tcheke bwat ki make "Lòt" la epi ekri an lèt detache oswa tape pou ki rezon.
- Liy 11 -Dat oswa evènman kifè otorizasyon sa a pral fini: Mete kilè ou ta renmen nou sispann bay enfòmasyon yo (pa egzanp, "12/31/2030" oswa "Lè litij la fini").
- Soti Liy 12 ak 13
- Liy Anba a - Siyen non ou epi mete dat la.

2. **SI OU SE YON REPREZANTAN YON BENEFISYÈ MEDICAID, SWIV ENSTRIKSYON SA YO pou otorize HRA bay yon lòt moun oswa gwoup dosye benefisyè a. Reponn tout kesyon sòf lè yo make ou pa bezwen reponn.**

- Anwo Nèt, ekri an lèt detache oswa tape Non, Dat Nesans, Nimewo Sekirite Sosyal ak Adrès benefisyè an.
- Liy 1-6: Li epi konprann sa w li a.
- Liy 7 a 11: Ranpli jan yo di ou a nan Seksyon 1 pi wo a.
- Liy 12 - Si ou pa pasyan an (benefisyè a), mete non moun k ap siyen fòm nan. Ekri an lèt detache oswa tape non ou.
- Liy 13 - Otorite pou siyen nan non pasyan an: Di nou ki otorite ou gen pou siyen nan non benefisyè a. Bay yon kopi dokiman an.

**ENPÒTAN:** Lè w ap siyen nan non benefisyè a paske benefisyè a pa te siyen oswa li pa ka siyen, ou dwe soumèt prèv ki montre otorite ou genyen pou w siyen alapas li. Men kèk egzanp sou prèv otorite: Manda ki valid \*Lèt Administrasyon oswa yon Dekrè ki Nome Responsab Legal Moun nan oswa Papyè Komisyon Responsab Legal.

3. Liy Anba a - Siyen non ou epi mete dat la.

---

\* Selon amandman septanm 2010 nan Lwa Obligasyon Jeneral New York (New York General Obligations Law, GOB) yo, yon Manda (Power of Attorney, POA) valid sèlman lè mandatè prensipal la ansanm ak ajan an sisyen li. POA a dwe gen ladan klòz Lwa Obligasyon Jeneral New York §5-1501 (B) egziye, ki gen ladan seksyon "Atasyon pou Mandatè Prensipal la" ak "Enfòmasyon Enpòtan pou Ajan". Gade egzanp Manda, Fòm Kout Lwa New York, ki vini ak lèt sa a, jan nou te pran yo nan GOB NY § 5-1513 (2014).